



**Department of
Education**

Dennis M. Walcott, Chancellor

novembre 18,2011

Chè Paran oswa Gadyen,

Nou ekri w pou nou fè w konnen gen yon gwo posiblite pou sendika chofè otobis nou yo fè yon grèv imedyatman , dapre nou ki ilegal, nan tout sistèm lan—lokal 1181—ki ka afekte sèvis otobis jòn lan pou plis pase 152000 elèv nan vil la.

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ap lanse yon òf pou garanti nouvo kontra otobis jòn pou transpòte timoun prematènèl ak timoun debitan ki nan edikasyon espesyal nan lekòl yo pou ane lekòl 2012-2013 la. Kontra nou genyen kounye a ap ekspire nan fen mwa jen 2012, kidonk li enpòtan pou nou avanse kounye a pou garanti yon nouvo kontra.

Sendika chofè otobis yo di nou si òf la pa gen ladan yon lwa pou pwoteje anplwaye *Employee Protection Provision*—yon mezi ki garanti dwa anyès pou tip sèvis sivil anplwaye l yo- epi si se pa ta patwon yo genyen kounye a ki jwenn òf la—yo pral fè grèv, nan tout sistèm lan. Sa ta pral lakoz gwo entèripsyon oswa posiblite pou sispann sèvis otobis jòn lan konplèman.

Dapre nou, sa ta pral yon grèv ilegal, epi li vin plis san konsyans lè w konsidere pi gwo tribinal nan Eta Nouyòk te deside dènyèman ke nou pa ka mete yon kondisyon *Employee Protection Provision* nan òf nou yo. Piske sendika a te di nou yo pral fè grèv, nou pote yon plent sou metòd travay ki pa jis imedyatman devan Komite nasyonal pou rapò nan travay *National Labor Relations Board* epi nou mande pou l pote ka a devan tribinal federal pi vit posib.

Nou enkyete anpli sou efè yon grèv ap genyen sou elèv nou yo ak fanmi yo epi nou vle pou w prepare si sa ta rive.

N ap afiche tout enfòmasyon nou genyen sou entèripsyon nan sèvis otobis sou sit wèb nou an nan <http://schools.nyc.gov>. Nou ankouraje paran ak gadyen ki gen timoun ki depann sou sèvis otobis jòn yo—pou sèvis prematènèl oswa Matènèl rive 12yèm ane—pou tcheke sit wèb la regilyèman pou konnen enfòmasyon ki fèk parèt yo. N ap voye enfòmasyon yo nan medya tou ak nan 311.

Si gen yon grèv ki rive fèt, men mezi k ap anvigè pou *fanmi elèv ki resevwa sèvis otobis jòn kounye a*.

- Pou tout elèv k ap resevwa sèvis otobis jòn kounye a nan yon *estasyon otobis lekòl* yo endike pou ale lekòl, n ap ba yo Metrocards. N ap mete Metrocards yo nan lekòl yo epi yo ta dwe ale nan biwo prensipal lekòl la pou reklame yo. Nou deja fè Responsab Trajè *Transit Authority* konnen li ka nesesè pou yo fè aranjman pou plis pasaje. Nou mande fanmi yo tou pou yo anvizaje lòt mwayen transpò pou ale lekòl si vin gen yon entèripsyon nan sèvis la.


- Paran timoun prematènèl ak matènèl ki gen yon IEP ki egzije pou yo pase pran yo dirèkteman lakay yo pou mennen yo lekòl, ak paran timoun ki nan klas matènèl-2yèm ane ka mande yon Metrocard pou paran an oswa pou gadyen an ka akonpaye timoun lan lekòl.
- Pou timoun prematènèl ak matènèl ki gen yon *IEP ki egzije pou pase pran yo lakay yo* dirèkteman pou mennen yo lekòl, nou ofri pou ranbouse yo pou depans yo fè pou transpò. N ap ranbouse paran ki kondui pou mennen pitit yo lekòl nan yon tarif 51 santim pa *mile*. Paran ki pran taksi oswa konpayi transpò prive *car service* pou mennen pitit yo lekòl, n ap ranbouse yo lè yo fin ranpli fòm ranbousman ki mache ak resi yo ba yo pou sèvis yo resevwa a. Ou ta dwe fè demann pou ranbousman yon semèn alafwa sou fòm y ap ba w nan biwo prensipal lekòl la. Nan fòm lan, y ap mande w pou di pou ki jou lekòl ou te pran lòt mwayen transpò ak si ou te pran l ni pou trajè maten ni pou trajè apremidi. Ou ta dwe voye ni fòm pou ranbousman yo ni resi yo nan Transportation Reimbursement Unit nan adrès: 44-36 Vernon Blvd, Long Island City, NY 11101.
- Si gen entèripsyon nan sèvis otobis la, n ap anile pwomnad ki itilize sèvis otobis jòn yo. Pwogram aprelekòl yo ap toujou fèt, men pa p gen sèvis otobis.

Sa a se yon sityasyon difisil pou sistèm lekòl la epi nou konprann li ka enèvan pou elèv nou yo ak fanmi yo. Chak paran ak gadyen dwe evalye bezwen pitit yo nan sans pou fè pi bon aranjman pou mennen yo lekòl. Elèv ki rive lekòl anreta akòz entèripsyon nan sèvis otobis jòn yo, ap gen konsiderasyon pou jiska 2èdtan. Timoun ki pa ka ale lekòl akòz entèripsyon nan sèvis otobis jòn yo, y ap make absan pou yo ak yon kòd eksplikasyon ki pral garanti dosye prezans yo pa afekte nan yon fason negatif.

Nou regrèt ke genyen posiblite pou yon gwo entèripsyon nan vi elèv yo ak fanmi yo. Nou kontinye espere sendika chofè otobis ak eskòt la pa p pran yon mezi san garanti konsa kòm repons pou dezisyon kòrèk, legal Depatman Edikasyon *Department of Education*(DOE) pran nan non elèv nou yo ak nan non moun k ap peye taks nan vil la.

Si w gen lòt kesyon sou zafè sa a, tanpri rele liy telefòn pou transpò elèv *Pupil Transportation Hotline* nan 718-392-8855 oswa rele 311.

Avèk senserite,



Dennis M. Walcott
Chanselye